

You may use the template below to notify parents/guardians of the upcoming ACCESS for ELLs administration. Please modify the red fields and place the letter on school or district letterhead prior to distribution. You may also use this language to post to your school or district website or distribute to parents/guardians via email. (Haitian Creole)

[Date]

Chè Paran/Responsab,

Objektif lèt sa a se pou enfòmasyon w ke elèv ou a pral pran egzamen [ACCESS for ELLs, Alternate ACCESS for ELLs] ant 25 janvye 2021, ak 11 mas 2021. [ACCESS for ELLs, Alternate ACCESS for ELLs] mezire pwogrè elèv ou a fè nan konpetans nan lang anglè pou koute, pale, li, ak ekri. Nan prentan sa k ap vini la, elèv ou a pral resevwa yon Rapò Endividyèl Elèv k ap bay enfòmasyon sou nan ki pwèn li ap pwogrese nan lang anglè.

Lwa Eta Florid la egzije pou patisipasyon nan pwogram evalyasyon an obligatwa pou tout elèv ki nan lekòl piblik yo. Byenke nou konprann FLDEO egzije pou elèv yo pran egzamen sa a an pèsòn, nou respekte desizyon deseri paran ki te chwazi LaunchEd epi ki pa santi l sikiritè pou yo mennen timoun yo vin pran egzamen an fas a fas. Nou p ap fòse okenn paran mennen timoun yo vin pran egzamen an sou plas, men tanpri sonje ke elèv yo dwe toujou satisfè egzijans evalyasyon yo pou yo ka gradye, pase al nan yon lòt klas, ak pou pran desizyon pou pwogram lan. Pandan lekòl la ap prepare pou egzamen an, y ap respekte pwotokòl ki nan Gid sou Sante ak Sekirite OCPS la pou pwoteje elèv yo, ou ka jwenn gid sa a sou www.ocps.net

Tanpri revize règleman ki annapre la yo ak timoun ou an avan l pran egzamen an:

■ **Aparèy Elektwonik yo**—Si yo jwenn elèv ou a ak NENPÒT aparèy elektwonik, ki gen ladan men pa sèlman, telefòn selilè oswa telefòn entelijan, a nenpòt ki moman pandan l ap pran egzamen an OSWA pandan brek yo, y ap invalide seksyon egzamen li an, sa ki vle di yo p ap ba l nòt pou li. Pi bon pratik la se pou elèv yo kite aparèy elektwonik yo lakay yo oswa nan kazye yo nan jou egzamen an.

■ **Soti Kite Kanpis la**—Si elèv ou a soti kite kanpis la avan l fini yon seksyon egzamen an (pou li al nan yon randevou, akòz maladi, elatriye), yo P AP kite l fini seksyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou egzamen an, li ka pi bon pou li rete tann epi pran egzamen an nan yon lòt jou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou [ACCESS for ELLs, Alternate ACCESS for ELLs] gen yon Dokiman Enfòmasyon Itil pou Paran (*Parent Handout*) yo ki disponib sèlman sou entènèt

(<http://fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/access-for-ells.shtml>)

anba Assessment Resources (Resous Evalyasyon yo) nan lang ki annapre la yo: Arab, Chinwa, Anglè, Kreyòl Ayisyen, Hmong, Panyòl, Somali, and Vyetnamyen. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, tanpri kontakte [School Contact] nan [Contact Info].

Mèsi paske w ap soutni elèv ou a pandan l ap prepare l pou egzamen an.

Sensèman,

[Principal Name]